

	Plent Alekri devan Eta a	Demann pou yon Odyans pou Pwosedri Ofisyèl
Kisa li ye?	Yon dokiman alekri ki itilize pou kominike ke yon ajans piblik (pa egzanp, yon distri lekòl) pa respekte IDEA a, epi pou mande yon ankèt.	Yon pwosesis ki itilize pou rezoud yon plent ofisyèl yon paran oswa yon ajans piblik depoze (pa egzanp, distri lekòl la), ke yo rele ansanm “pati yo.”
Kimoun ki ka depoze l?	Nenpòt moun oswa òganizasyon gendwa depoze yon plent alekri devan Eta a.	Yon paran oswa distri lekòl la gendwa depoze yon plent/demans pou odyans pou pwosedri ofisyèl.
Ki pwoblèm?	Disponib nenpòt lè gen yon enkyetid ke yon ajans piblik vyole egzijans lwa oswa règleman edikasyon espesyal yo nan nivo federal oswa Eta konsènan yon timoun espesyalman oswa nan tout sistèm nan.	Itilize pou rezoud dezakò anrapò ak idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikatif oswa founiti yon edikasyon piblik gratis apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) pou yon timoun ki bezwen oswa yo sispèk ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo.
Peryòd tan an?	Plent Eta alekri yo dwe pretann gen yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane anvan dat plent lan resevwa a.	Yon demans pou yon odyans pou pwosedri ofisyèl dwe depoze anvan dezan fin pase apre dat pètasyonè a te konnen oswa ta dwe konnen aksyon y ap konteste pa mwayen pwosedri ofisyèl la.
Kiyès ki pou pran desizyon an?	Eta a responsab asire yon ankèt fèt, si sa nesèsè, epi ke yon desizyon pran konsènan plent lan.	Yon jij dwa administratif pran desizyon an.
Kisa pwosesis la ye?	Yon anketè: <ul style="list-style-type: none"> • Egzamine enfòmasyon anrapò ak plent lan. • Gendwa fè entèvyou avèk moun anrapò ak plent lan. • Fè konklizyon ak yon desizyon ki baze sou lwa aplikab la <p>Desizyon alekri a dwe rann pa pita pase 60 jou kalandriye apre dat plent lan te depoze a, sof si delè a pwolonje.</p>	Yon jij dwa administratif: <ul style="list-style-type: none"> • Sipèvize kalandriye odyans lan, sa gen ladan tout aktivite anvan odyans lan. • Dirije odyans lan epi jere zafè pwosedri yo. • Itilize lwa aplikab la pou ekri yon desizyon ki baze sou prèv ak temwayaj ki prezante nan odyans lan. <p>Desizyon alekri a dwe rann anvan 45 jou kalandriye fin pase apati fen peryòd rezolisyon an, sof si yon pati mande yon pwolongasyon byen presi pou delè a.</p>
Rete an plas?	Pa gen okenn dwa pou “rete an plas” apre depo yon plent alekri devan Eta a.	Apati dat plent lan depoze a jiskaske desizyon an vin definitiv, timoun nan rete nan plasman edikatif aktyèl li a, sof si paran an ak distri lekòl la antann otremman – sa rele “annatant” oswa “rete an plas.”